



...tout aksesiblite ak  
ekipman pak la...



## Jwenn Pak la

Hawkins Recreational Park chita kò l nan Konte Santa Rosa nan Nòdwès Florida. Apati Interstate 10, pran Exit 26 epi alè nan nò sou County Road 191. Suiv CR-191 jiska Bagdad epi nan Milton. Vire agoch sou Caroline Street (U.S. 90) epi adwat sou Stewart Street (State Hwy. 87). Apre 0.8 mil, tounen adwat sou Munson Highway (CR-191). Antre Hawkins Park la twouve l yon kilomèt anba sou dwat la. Adrès la se 5550 Bubba Lane, Milton, FL, 32570.



**ajans pou moun Andikape**  
1-866-APD-CARES (1-866-273-2273)  
(850) 488-4257  
[apdcares.org](http://apdcares.org)



# Bwochi Hawkins Park

Amizman ak detant pou moun  
ki andikape yo ak fanmi yo



agency for persons with disabilities  
*State of Florida*

...yon kote pou w  
obsève lanati nan  
yon anviwònman ki  
trankil



## Pwofite Pak la

Hawkins Recreational Park chita kò li toupre Milton, Florida, bòkote Round Pen Bayou sou Blackwater River. Ajans pou Moun Andikape (APD) te renove pak la pou l bay moun ki andikape yo ak fanmi yo yon kote pou yo detann ak amize yo.



Peyizaj 23 ekta pak la ranpli ak flè ki ale ansanm, liladèzend ak pye magnolya. Renovasyon li yo bay aksesiblité nèt ak ekipman pak yo, bay moun ki andikape yo chans pou yo jwi aktivite sosyal yo avèk fanmi yo. Gen twa (3) paviyon ki disponib pou rankont ak piknik yo. Gri yo nan chak paviyon pou fè babekyou. Gen yon kote pou moun benyen ki disponib pou envite yo.



Round Pen Bayou bay moun ki renmen lanati yo yon kote pou yo obsève lanati nan yon anviwònman ki trankil. Gen anpil pye siprès, pye sèd ak pye sapen. Fanmi yo kapab flannen sou yon pasrèl ki fèt anbwa sou kote dlo a pandan ti zwazo ble ak ti zwazo wouj yo ap poze sou branch ki toupre yo. Yon waf pou moun peche bay yon lòt opsyon ki atire vin pran detant.

## Itilize Pak la

Moun ki andikape yo, fanmi yo ak moun k ap bay yo swen yo kapab antre nan Hawkins Recreational Park san peye. Pak la ouvri soti 8è nan maten pou rive 5è nan apremidi pandan tout ane a sof lè se Jou aksyon de gras, Nwèl ak Nouvèlan.

